














Nòm pou Planifye Tranzisyon nan Lekòl Pre-Segondè

Fanmi yo ka ede jèn pitit yo avèk tranzisyon lè yo vin byen konnen endikatè ak nòm ki sipòte mouvman pou soti nan lekòl pre-segondè pou ale nan lekòl segondè ak lòt bagay ankò. Avèk sansibilizasyon sa a, fanmi yo kapab chèche epi jwenn opòtinite pou yo patisipe nan aktivite sa yo. Gade endikatè lejann rezilta apre-lekòl ki anba yo, pou jwenn lis endikatè yo, ikòn yo ak deskripsyon yo. *Kat Rezo pou Tranzisyon nan Lekòl Pre-Segondè a, yon gid pou ede fanmi yo fè rechèch sou tranzisyon pou ale nan ak soti nan lekòl pre-segondè, se yon resous konpayon ou kapab jwenn ki itil. Li disponib sou <http://project10.info/DPage.php?ID=77#NS138>. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri konekte avèk reprezantan edikasyon elèv eksepsyonèl (Exceptional Student Education, ESE) distri ou a. (Resous sa a se adaptasyon resous Komite Tranzisyon Oklahoma, Kalandriye pou Aktivite Tranzisyon - <http://www.ou.edu/content/education/centers-and-partnerships/zarrow/timeline-of-transition-activities.html>.)*




Lejann – Endikatè Rezilta Apre Lekòl (Remak: chif yo asosye ak nòm yo epi ikòn yo; chif yo pa montre nivo enpòtans)	
	1. Oryantasyon Pwofesyonèl se aprann òpotinite, edikasyon ak konpetans ki nesèsè pou chwazi yon karyè (pwofesyon) ki annamoni avèk pwèn fò epi enterè yon moun.
	2. Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik (Career and Technical Education, CTE), yo rele li tou "edikasyon pwofesyonèl", li gen ladan yon seri kou ki prepare elèv yo pou yon travay oswa pou yon karyè espesifik.
	3. Eksperyans Kominotè se aktivite ki fèt andeyò lekòl la, ansèyman nan klas la sipòte li, kote elèv yo aplike konpòtman ak konpetans travay akademik, sosyal ak/oswa jeneral.
	4. Egzijans pou Egzamen Final/Diplòm Lekòl Segondè – Egzamen Final yo se tès ofisyèl leta a ki evalye nivo konpetans yon elèv nan matyè debaz yo, tankou Aljèb oswa Anglè elèv yo dwe pase pou yo kapab resevwa yon diplòm lekòl segondè. Kondisyon diplòm nan rive reyalize lè elèv yo reponn ak tout egzijans eta k ap bay diplòm nan fè konsènan resevwa yon diplòm, tankou patisipasyon nan kou ki nesèsè pou konplete opsyon elèv la chwazi pou li diplome a, tankou deziyasyon 24 kredi, deziyasyon 18 kredi ak deziyasyon sou merit oswa deziyasyon eskolè.
	5. Fikse Objektif – Elèv ki patisipe nan fikse objektif yo gen plis chans pou jwenn travay apre lekòl segondè. Elèv ki vle ale nan yon kolèj oswa inivèsite gen plis chans pou yo angaje nan edikasyon apre lekòl segondè.
	6. Enklizyon nan Edikasyon Jeneral egzije pou elèv ki gen andikap yo gen aksè a pwogram akademik edikasyon jeneral la epi patisipe nan klas edikasyon jeneral avèk kamarad klas ki pa gen andikap yo.
	7. Kolaborasyon Ant-Ajans se yon pwosesis ki klè, ki gen objektif, ki fèt avèk anpil atansyon epi ki ankouraje kolaborasyon ant ajans yo ak pwogram yo pou sipòte rezilta pou jèn yo.
	8. Kou Pwofesyonèl se kou endividyèl ki sipòte oryantasyon pwofesyonèl, ki pèmèt elèv yo chèche konnen diferan opsyon karyè epi vin gen konpetans pou djòb atravè eksperyans ak ansèyman ki konsantre sou objektif yo chwazi pou jwenn travay.
	9. Travay Ki Peye/Eksperyans Travay – Eksperyans Travay se aktivite ki mete elèv yo nan yon vrè espas travay epi ki ka gen ladan: echantiyonaj travay, obsèvasyon pwofesyonèl, estaj, aprantisaj ak travay ki peye. Travay ki peye a kapab gen ladan djòb nòmal ki la deja nan yon konpayi/òganizasyon oswa afektasyon nan travay adapte yo negosye avèk patwon an, men aktivite sa yo toujou prezante salè konpetitif (salè minimòm oswa yon pi gwo salè) patwon an peye dirèkteman ba elèv la.



	10. Atant Paran yo – Gen yon relasyon pozitif ant paran yo ki gen gwo atant pou elèv yo ak rezilta pozitif yo apre lekòl. Elèv ki gen andikap yo, ki gen paran yo ki atann pou yo jwenn yon djòb, pou ale nan kolèj epi/oswa pou yo kapab sipòte tèt yo, gen plis chans pou yo jwenn travay epi pou yo jwenn edikasyon anplis.
	11. Pwogram Etid (Course of Study, CoS) se yon seri kou, eksperyans ak pwogram akademik pèsonalize ki fèt pou devlope siksè akademik ak fonksyonèl yon elèv pou sipòte reyalizasyon objektif elèv la dezire apre lekòl.
	12. Patisipasyon Paran vle di paran yo/fanmi yo/responsab legal yo se patisipan aktif nan tout aspè planifikasyon tranzisyon an, y ap sipòte epi defann elèv yo.
	13. Otonomi Sikolojik Otonomi sikolojik se yon eleman nan detèminasyon pèsònèl ki reprezante kwayans ki fè konnen gen yon koneksyon enpòtan ant konpòtman yon moun ak rezilta yo.
	14. Konpetans pou Swen Pèsònèl/pou Viv Endepandan se konpetans ki nesesè pou kontwole bezwen pèsònèl yon moun genyen chak jou. Konpetans pou swen pèsònèl ak konpetans pou viv endepandan gen ladan konpetans pou satisfè pwòp bezwen pèsònèl ou, pou pran kontak avèk lòt moun, pou kontwole lajan ak lòt zafè finansye, tankou peye bòdwo, epi konpetans pou viv endepandan.
	15. Konpetans Sosyal se konpòtman ak atitud ki ede sipòte devlopman relasyon pozitif avèk lòt moun nan kominikasyon ak kolaborasyon. Konpetans sosyal gen ladan rezolisyon pwoblèm lè ou angaje nan kontak sosyal, langaj kòporèl, konpetans pou pale, konpetans pou koute epi konpetans pou reponn nan kominikasyon aloral, nan kominikasyon alekri ak nan lòt fòm kominikasyon.
	16. Reyalizasyon pèsònèl gen rapò ak eleman oto-detèminasyon, konsyans pèsònèl/konesans pèsònèl, epi li espesyalman vle di konprann pwen fò ak sipò yon moun bezwen.
	17. Oto-Detèminasyon/Oto-Defans se kapasite ou genyen pou fè chwa, pou rezoud pwoblèm, pou fikse objektif, pou evalye chwa yo, pou pran kèk mezi pou kapab reyalize objektif ou yo epi aksepte konsekans mezi sa yo.
	18. Sipò pou Elèv se rezo moun, tankou fanmi, zanmi, pwofesè ak founisè sèvis pou adilt, ki bay sèvis ak resous nan anpil anviwònman pou ede elèv yo soti nan lavi elèv la pou antre nan lavi adilt la. Rezo moun ki bay elèv yo sipò a ta dwe toujou sonje objektif elèv yo apre lekòl segondè epi yo ta dwe konnen pwen fò, preferans, enterè ak bezwen elèv yo.
	19. Yon Pwogram Tranzisyon prepare elèv yo pou yo kite lavi lekòl pou antre nan lavi granmoun avèk planifikasyon tranzisyon ak edikasyon pou kreye yon plan pou ede elèv yo reyalize objektif yo apre lekòl nan edikasyon/fòmasyon, travay ak viv endepandan, jan li nesesè.
	20. Konpetans pou Vwayaj – Elèv ki gen andikap ki te kapab vwayaje poukont yo deyò lakay yo, tankou pou ale lekòl, ale nan yon magazen lokal oswa lakay yon vwazen, gen plis chans pou yo jwenn travay apre lekòl.
	21. Pwogram Etid Travay yo bay elèv yo opòtinite pou yo aprann atravè eksperyans ki la pou devlope konpetans, atitud ak konpòtman elèv yo ki gen rapò avèk travay. Pwogram etid travay yo bay edikasyon akademik ak pwofesyonèl.
	22. Edikasyon Pwofesyonèl fòme avèk kou ki prepare elèv yo pou yon travay oswa pou yon karyè espesifik.
	23. Otonomi Jèn Moun – Elèv ki montre plis endepandans ak konpetans pou yo pran desizyon, tankou fè plan pou aktivite wikenn, plan pou sèvi kòm volontè, plan pou pran desizyon ak plan pou viv endepandan pou anpil tan, elèv sa yo gen plis chans pou yo antre nan edikasyon apre lekòl.

Enstriksyon pou itilize dokiman sa a: Nan kolòn goch tablo Nòm yo, w ap jwenn bagay sa yo:


- Nòm pou elèv klas pre-segondè yo ak fanmi yo pou yo travay pou reyalize objektif yo.
- Ikòn ki endike fason aktivite nòm yo gen rapò avèk endikatè rezilta apre-lekòl yo.
- Amòs diskisyon pou elèv yo ak fanmi yo.

Kolòn dwat la bay resous ki kapab sipòte elèv yo ak fanmi yo pandan y ap travay pou respekte nòm yo. Tanpri sonje, anpil resous ka apwopriye pou plis pase yon (1) matyè.


Nòm pou Planifye Tranzisyon nan Lekòl Pre-Segondè	
Devlopman Sosyal Pèsonèl	
Nòm pou Tranzisyon Pre-Segondè ak Amòs Diskisyon pou Elèv yo ak Fanmi yo	Resous
<p>1. Elèv yo ap ogmante konsyans pèsonèl yo, tankou aprann plis sou andikap (yo), pwèn fò yo, preferans yo (sa yo renmen/sa yo pa renmen, tankou aktivite rekreyasyon ak lwazi) ak bezwen yo.</p>  <p>Mande: <i>Èske ou konnen/konprann pwèn fò ou yo, enterè ou yo, andikap ou a ak bezwen ou yo? Èske lè ou konnen tèt ou sa ede ou pran bon desizyon epi ede lòt moun konnen ou byen?</i></p>	<p>Kit Pedagojik pou Oto-Detèminasyon https://www.imdetermined.org/resource/toolbox-for-self-determination/</p> <p>Paj entènèt Pwojè 10 la konsènan Oto-Defans ak Oto-Detèminasyon http://project10.info/DPage.php?ID=185</p> <p>Paj entènèt Pwojè 10 la konsènan Enterè nan Karyè ak Evalyasyon yo http://project10.info/DPage.php?ID=118</p> <p>Paj entènèt Pwojè 10 la konsènan Divilge yon Andikap/Mande Akomodasyon http://project10.info/DPage.php?ID=124 (gen ladan 4-1-1 sou Divilgasyon yon Andikap)</p>
<p>2. Elèv yo aprann fason pou yo kominike sou pwèn fò yo, difikilte yo, preferans yo ak vizyon yo pou lavni. Epiou elèv yo vin konnen opòtinite divilgasyon pèsonèl ak opòtinite lidèchip.</p>  <p>Mande: <i>Kijan ou ka dekri andikap ou a bay yon pwofesè epi kijan ou ka eksplike sa ou bezwen dapre tout sa ou konnen nan salklas la?</i></p>	<p>Gide Chanpyon IEP yo https://globalgenes.org/raredaily/life-low-mommy-happens-high-school/</p> <p>Elèv yo Detèmine pou Pran Kontwòl Edikasyon Yo ak Lavi Yo https://www.imdetermined.org/about/history/module-four-students-determined-take-control-education-and-lives/</p>
<p>3. Elèv yo bay remak konsènan nivo pèfòmans aktyèl yo sou IEP a.</p> 	

<p>Mande: Lè w ap revize objektif IEP ou yo, kisa ou wè ki te reyalize? Èske ou te dekouvri nouvo konpetans? Sou kisa ou toujou bezwen travay epi ki kalite sipò ki pral ede ou reyisi?</p>	
<p>4. Elèv yo aprann fason pou yo byen dirije epi/oswa patisipe nan reyinyon IEP yo a nan mezi ki posib la.</p> <p></p> <p>Mande: Kijan ou patisipe pou moman an nan reyinyon IEP ou a? Èske gen fason ou kapab pi aktif pou patisipe? Sonje, IEP ou a konsène oumenm sèlman epi l ap prepare ou pou lavni!</p>	
<p>5. Elèv yo aprann konnen relasyon ki genyen ant aksyon yo avèk rezilta yo. Pa egzanzp, lè ou kreye yon kaladriye pou ka fè travay chak semèn ou yo epi suiv li jan ou make li a, travay ou yo ap rive fèt.</p> <p></p> <p>Mande: Si ou pa satisfè ak rezilta yon bagay, kijan aksyon ou yo kapab genyen yon enpak pozitif sou chanjman an?</p>	

Planifikasyon Akademik

<p>Nòm pou Tranzisyon nan Lekòl Pre-Segondè ak Amòs Diskisyon pou Elèv yo ak Fanmi yo</p>	<p>Resous</p>
<p>6. Elèv yo, fanmi yo ak lòt manm ekip IEP a ap fikse objektif yo epi y ap kòmanse idantifye bezwen yo pou sèvis tranzisyon an (sa pral baze sou rezilta ki soti nan evalyasyon tranzisyon an). Gen ladan pwogram ansèyman ak oto-detèminasyon.</p> <p></p> <p>Mande: Kijan objektif IEP ou yo nan klas pre-segondè yo pral ede prepare ou nan kite lekòl segondè pou ale nan lavi adilt la alavni?</p>	<p>Koneksyon: Yon Pwogram Akademik Tranzisyon pou Klas 3yèm Ane - 6yèm Ane https://eric.ed.gov/?id=ED440481</p> <p>Oto-Detèminasyon pou Paran yo https://www.imdetermined.org/families/</p> <p>Kolaborasyon pou Bay Sipò avèk Fanmi yo pou Asire Yon Tranzisyon Ki Efikas http://project10.info/DPage.php?ID=322#NS142</p> <p>Gid pou Fanmi yo nan Planifikasyon pou Tranzisyon nan Lekòl Segondè pou Elèv Ki Gen Andikap yo</p>
<p>7. Fanmi ki konnen sa tranzisyon lekòl segondè a ye, konprann fason pou yo patisipe yon jan ki aktif epi ki efikas nan pwosesis la ak yo ede elèv yo vin pi fò nan pran defans tèt yo. Selon eksyon</p>	<p>http://project10.info/Documents/FamilyGuide_Revised_FINAL_6.13.18.pdf</p> <p>Kit Edikasyon Jeneral nan Sid pou Fanmi yo nan Planifikasyon pou Tranzisyon nan</p>

1003.5716 F.S. (Lwa Florida), lekòl yo pral bay enfòmasyon konsènan pwogram ak sèvis distri a ak eta a.



planifikasyon tranzisyon an: surje byen ou menm ak elèv ou a gen bonjan enfòmasyon pou pataje ak ekip IEP a nan lide pou detèmine objektif ak sipò ki nesèsè yo; epi li nòmal pou poze kesyon!

Lekòl Segondè pou Elèv Ki Gen Andikap yo (Anèks yo; Anèks L, *Kesyon pou Konsidere Lè w Ap Planifye Sèvis Tranzisyon*)

<https://padlet.com/aschoenb/cbxve4zdy1e4>

Plan Tranzisyon nan Lekòl Segondè pou Fanmi yo

Anglè - http://project10.info/Documents/Secondary_Transition_Roadmap_with_HB172_Edits_FINAL_3.10.22.pdf

Panyòl - http://project10.info/Documents/Secondary_Transition_Roadmap_FINAL_3.10.22_Spanish.pdf

Kreyòl Ayisyen - http://project10.info/Documents/Secondary_Transition_Roadmap_FINAL_3.10.22_1-Haitian_Creole.pdf

Sèvis pou Paran yo nan Sistèm Resous Aprantisaj ak Dyagnostik Florida (Florida Diagnostic & Learning Resources System, FDLRS)

<https://www.fdlrs.org/parent-services>

Teknoloji FDLRS- <https://www.fdlrs.org/technology>

Rezo Fanmi sou Andikap yo (Fòmasyon ak Sant Enfòmasyon pou Paran) www.learningdisabilities/publications/staying-safe-social-media-and-online

Standing Up for Me (Defendiéndome) (plan de estudios de autodeterminación disponible a través del Proyecto 10) - <http://project10.info/SUFM.PHP>

IEP dirigido por el estudiante - <http://blog.brookespublishing.com/9-first-steps-to-student-directed-ieps/>

IEP autodirigido (herramientas instructivas) -

<http://www.ou.edu/education/centers-and-partnerships/zarrow/choicemaker-curriculum/self-directed-iep>

<https://fndusa.org/>

Parent to Parent of Miami (Paran pou Paran nan Miami) (k ap sèvi Miami-Dade ak Monroe) <https://www.ptopmiami.org/>

Sant Resous Northwest Florida pou Otonomi Paran (k ap sèvi konte Escambia,

8. Elèv yo ap aprann kichòy sou aranjman disponib ki kapab ede sipòte yo gen siksè; ak fason pou mande yo.



Mande: *Kijan elèv la ap resevwa aranjman yo nan moman an? Diskite sou nenpòt kesyon avèk ekip IEP a. (Gade chapit kat (4) nan "Aranjman yo: Fason pou Ede Elèv ki Gen Andikap yo"*

<http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7690/urlt/0070069-accomm-educator.pdf>

9. Elèv yo jwe yon wòl aktif nan kontwòle pwogrè sou objektif IEP yo pou ogmante chans pwogrè ak reyalizasyon objektif yo.



Mande: *Èske ou rezève tan pou revize pwogrè IEP ou regilyèman? (Reyinyon IEP yo ap fèt omwen chak ane--lekòl yo ap rasanble done pou evalye pwogrè objektif anyèl la men elèv yo kapab jwe yon wòl aktif tou.)*

10. Elèv yo ak fanmi yo ap patisipe nan aktivite yo pou ogmante aksè ak konpetans ki asosye avèk teknoloji. Tanpri sonje enstitisyon apre lekòl segondè yo konte sou teknoloji pou komunikasyon ak travay nan klas yo. Epitou, li enpòtan pou w konprann platfòm medya sosyal yo ak fason pou w vin yon sitwayen responsab sou entènèt.



Mande: *Èske ou te idantifye konpetans nan zafè teknoloji ki nesèsè? Ki kèk fason nou ka travay sou yo ansanm etan lakay nou?*

11. Elèv yo, fanmi yo ak ekip lekòl la ap diskite sou opsyon gradyasyon lekòl la pou asire pwogram etid lekòl pre-segondè elèv yo kapab ede prepare yo pou opsyon gradyasyon yo vle pouswiv la.



Mande: Èske ou te chèche konnen enterè ou yo pou fiti karyè ou (lòt aktivite yo endike nan seksyon Chemen Karyè ak seksyon Edikasyon apre Lekòl Segondè), epi èske ou te detèmine ki chwa gradyasyon ki prepare elèv yo pou karyè yo dezire a? Afich sou Konsèy

Akademik: <http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7764/urlt/StandardDiplomaRequirements.pdf>

Plan Tranzisyon nan Lekòl Segondè pou Fanmi yo (paj 4-7) : http://project10.info/Documents/Secondary Transition Roadmap_FINAL_1.19.21_1.pdf

Santa Rosa, Okaloosa ak Walton)

<https://www.eprcnwfl.com/who-we-are/>

Rete An Sekirite sou Rezo Sosyal ak Sou Entènèt-

<https://www.learningdisabilities.org.uk/learning-disabilities/publications/staying-safe-social-media-and-online>

Standing Up for Me (Kanpe pou Mwen) (pwogram akademik sou detèminasyon pèsonèl ki disponib atravè Pwojè 10)-

<http://project10.info/SUFM.PHP>

IEP Ki Konsantre sou Elèv - <http://blog.brookespublishing.com/9-first-steps-to-student-directed-ieps/>

IEP Endepandan (zouti ansèyman)-

http://www.ou.edu/education/centers_and-partnerships/zarrow/choicemaker-curriculum/self-directed-iep

Elèv k ap Fè Tranzisyon nan Wòl Granmoun (Students Transitioning to Adult Roles, STAR) Planifikasyon ki Konsantre sou Moun (Person-Centered Planning, PCP) <http://project10.info/Star.php>







Aprantisaj Matyè Sipò Atravè Teknoloji pou Elèv ki Gen Yon Andikap ki nan Klas Matènèl jiska Klas 12yèm Ane - https://cedar.education.ufl.edu/wp-content/uploads/2014/09/IC-10_FINAL_09-10-14.pdf





Kondisyon pou Diplòm Nomal: Konsèy Akademik—Sa Paran yo ak Elèv yo Dwe Konnen <http://www.fldoe.org/core/fileparse.php/7764/urlt/StandardDiplomaRequirements.pdf>

Patisipasyon Fanmi - Pwojè 10














<http://project10.info/DPage.php?ID=322#NS142>


Patisipasyon Kominotè/Viv Endepandan

<p style="text-align: center;">Nòm Tranzisyon nan Lekòl Segondè ak Amòs Diskisyon pou Elèv yo ak Fanmi yo</p>	<p style="text-align: center;">Resous</p>
<p>12. Apati laj 14 lane, Ajans Edikatif Lokal la (Local Educational Agency, LEA) pral envite yon reprezantan nenpòt ajans k ap bay oswa k ap gen chans pou bay nan moman an sèvis tranzisyon pou elèv yo epi/oswa k ap peye pou sèvis yo, tankou Divizyon Reyabilasyon Pwofesyonèl (Division of Vocational Rehabilitation, DVR/VR), Divizyon Sèvis pou Moun Avèg (Division of Blind Services, DBS), Ajans pou Moun Ki Gen Andikap (Agency for Persons with Disabilities, APD), elatriye, pou patisipe nan reyinyon IEP a.</p> <div style="display: flex; align-items: center; gap: 10px;">    <div style="border: 1px solid black; padding: 2px 5px; background-color: yellow;">1003.5716 F.S.</div> </div> <p>Mande: <i>Èske gen yon ajans (kèk ajans) ou ta renmen envite nan reyinyon IEP a?</i></p>	<p>Let's Go! Yon Gid Pou Deplase nan Kominote Ou a etan Florida https://fddc.org/wp-content/uploads/2020/08/transportation-guidebook.pdf.</p> <p>Yon Gid Tranzisyon nan Edikasyon Apre Lekòl Segondè ak Travay pou Elèv ak Jèn Moun ki Gen Andikap (Biwo Edikasyon Espesyal ak Sèvis Reyabilasyon) (Office of Special Education and Rehabilitative Services, OSERS), (Depatman Edikasyon Etazini) (U.S. Department of Education, USDOE) - Gade paj nèf (9) pou konsantman https://sites.ed.gov/idea/files/postsecondary-transition-guide-may-2017.pdf</p> <p>CareerSource Florida - http://careersourceflorida.com/</p>
<p>REMAK: Konsantman paran an (yo), oswa konsantman yon elèv ki rive nan laj majorite ak dwa yo te transfere, nesèsè anvan yo envite yon reprezantan nenpòt ajans k ap patisipe ki gendwa responsab pou bay oswa peye pou sèvis tranzisyon an pou li ka asiste reyinyon ekip IEP elèv la.</p> <p>Epitou, konsantman an obligatwa anvan yo divilge enfòmasyon ki idantifye moun nan pèsònèlman bay responsab ajans k ap patisipe yo.</p>	
<p>13. Lekòl yo pral bay enfòmasyon konsènan Sant pou Viv Endepandan (Center for Independent Living, CIL) ki nan lokalite a anvan elèv la gen 12 lane oswa pandan elèv la nan 7yèm ane. Elèv, ki jwenn asistans si sa nesèsè, ta dwe kontakte Sant pou Viv Endepandan ki nan lokalite yo a pou yo ka mande enfòmasyon sou sipò ak sèvis pou ogmante endepandans yo (pa egzanp, ekipman medikal, teknoloji asistans, transpò ak lòt bezwen).</p> <div style="display: flex; align-items: center; gap: 10px;">    </div> <p>Mande: <i>Èske ou abitye avèk Sant pou Viv Endepandan ki nan lokalite ou a? Si ou pa abitye ak li, fè rechèch sou sit entènèt li a, rele biwo a ak/oswa pwograme yon moman pou ka vizite..</i></p>	<p>Pwogram Edikasyon Mendèv pou Adilt ki Gen Yon Andikap (Adults with Disabilities Workforce Education Program) http://www.fldoe.org/schools/school-choice/other-school-choice-options/adults-edu/</p> <p>Florida Afterschool Alliance (Alyans Apre Lekòl nan Florida) - http://www.floridaafterschool.org/ Florida Afterschool Network - http://www.myfan.org/</p> <p>Florida Centers for Independent Living (Sant pou Viv Endepandan nan Florida) - http://www.floridacils.org/index.html Jwenn CIL ki pi pre ou a -</p>

<p>14. Elèv yo devlope epi pratike konpetans finansyè.</p>  <p>Mande: <i>Kisa ki kapab fèt pou ogmante konfyans ak konpetans elèv la nan jesyon ak kontwòl lajan?</i></p>	<p>http://www.floridacils.org/find-your-cil</p> <p>Komisyon Florida pou Moun ki Defavorize nan Sèvis Transpò (Florida Commission for the Transportation Disadvantaged) https://ctd.fdot.gov/</p> <p>Gid pou Koneksyon: Zouti ak Resous pou Lavi Adilt- https://fddc.org/wp-content/uploads/2021/04/Connections-Tools-and-Resources-for-Adult-Life-2021.pdf</p> <p>Paj entènèt Pwojè 10 la konsènan Transpòtasyon - http://project10.info/DPage.php?ID=270</p> <p>Gwoup Zanmi An (The Friendship Circle) - 10 Avantaj pou Travay nan Kay https://www.friendshipcircle.org/blog/2012/10/24/the-ten-benefits-of-chores-for-your-child-with-special-needs/</p>
<p>15. Sipòte devlopman konpetans vwayaj yo pou amelyore endepandans yo.</p>  <p>Mande: <i>Èske gen nouvo konpetans vwayaj yo ka aprann epi itilize? (Revize eksperyans elèv la ak konpetans vwayaj yo.)</i></p>	<p>The Friendship Circle - 12 Konpetans ak 5 Travay nan Kay ki Kapab Sèvi kòm Preparasyon pou Pwofesyon Pidevan https://www.friendshipcircle.org/blog/2016/02/10/12-skills-and-5-household-chores-that-can-serve-as-preparation-for-future-vocation/</p> <p>Paj entènèt Pwojè 10 la konsènan Edikasyon sou Finans http://project10.info/DPage.php?ID=307</p>
<p>16. Elèv yo, fanmi yo ak lòt manm ekip IEP yo ap chèche konnen opòtinite pou avansman apre lekòl ak pandan vakans ete, tankou: pwogram sansibilizasyon nan kolèj ak inivèsite yo, pwogram konpetans sosyal, ak lòt klèb epi aktivite ki pa nan pwogram akademik lan.</p>  <p>Mande: <i>Ki kalite pwogram ete ki disponib? Ki pwogram ki t ap plis nan avantaj elèv la?</i></p>	<p>The Friendship Circle - Fason Pou Montre Pitit ou Genyen Ki Gen Bezwen Espesyal La Fè Travay Nan Kay https://www.friendshipcircle.org/blog/2012/03/07/how-to-teach-chores-to-your-special-needs-child/</p> <p>Kominote Otis La Ann Aksyon (The Autism Community in Action) - Devlopman Konpetans pou Viv Chak Jou: Travay nan Kay (Chores) https://tacanow.org/family-resources/developing-lifeskills-chores/</p> <p>Accessible Chef - gen ladan resèt vizyèl ak zouti adaptatif pou kwit manje https://accessiblechef.com/</p> <p>Tout sa mwen te Janm Bezwen Konnen, Mwen te Aprann Li nan Makèt https://pathways.org/ever-needed-know-learned-grocery-store/</p> <p>Makèt kòm Salklas (Grocery Store as Classroom) http://themint.org/parents/grocery-store-as-classroom.html</p>
<p>17. Elèv yo devlope konpetans pou viv endepandan lè yo fè yon seri travay nan kay la, tankou lave rad, ranje tab, bale, al fè makèt, fè manje ak plis ankò.</p>  <p>Mande: <i>Èske gen nouvo travay/konpetans pou aprann epi pratike? (Revize travay elèv la fè lakay li.)</i></p>	<p>Makèt kòm Salklas (Grocery Store as Classroom) http://themint.org/parents/grocery-store-as-classroom.html</p>

Chemen Karyè

Nòm pou Tranzisyon nan Lekòl Pre-Segondè ak Amòs Diskisyon pou Elèv yo ak Fanmi yo	Resous
<p>18. Elèv yo ap aprann kichòy sou moun selèb ki gen yon andikap (nan lekti/koute byografi, gade videyo, entèvyou, elatriye) ak fason yo te reyalize objektif yo.</p> <p></p> <p>Mande: <i>Ki jan moun sa yo enspire? Ki jan yo te reyalize objektif yo? (Jwenn modèl moun ki gen yon andikap nan domèn ki enterese elèv la.)</i></p>	<p>Enterè nan Karyè ak Evalyasyon – Pwojè 10- http://project10.info/DPage.php?ID=118</p> <p>Kuder - Paran yo: Men sa ou ka fè pou ede pitit ou a planifye pou yon karyè https://www.kuder.com/blog/college-career-readiness/parents-heres-what-you-can-do-to-help-your-child-plan-for-a-career/</p> <p>Barnes and Noble: Biyografi Moun Ki Gen Kapasite (Diferan Differently Abled Persons Biographies) (se pa yon resous ki gratis) https://www.barnesandnoble.com/b/books/peoples-cultures-biography/disabled-differently-abled-persons-biography/_/N-29Z8q8Zsxo</p> <p>Sant Asistans Teknik pou Inovasyon Mendèv (Workforce Innovation Technical Assistance Center, WINTAC), Sèvis Tranzisyon Anvan-Travay - http://www.wintac.org/topic-areas/pre-employment-transition-services</p>
<p>19. Elèv yo aprann plis bagay sou chwa karyè yo epi yo fè Envantè Karyè ki enterese yo. Tanpri sonje, elèv yo dwe pran yon kou Planifikasyon Karyè ak Edikasyon nan lekòl pre-segondè a, ki debouche sou yon plan akademik ak karyè [1003.4156 (1)(e), F.S.] (Lwa Florida).</p> <p></p> <p>Mande: <i>Ki karyè ki enterese ou? Èske ou konnen egzijans pou edikasyon/fòmasyon ak opòtinite pou jwenn djòb ki disponib nan domèn karyè sa yo?</i></p>	<p>Sèvis pou Jèn Moun Fè Tranzisyon nan VR - http://rehabworks.org/student-youth/student-steps.html</p> <p>Sèvis Tranzisyon Anvan-Travay (Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS) atravè VR http://rehabworks.org/student-youth/youth-transition.html</p> <p>Pòtay Travay pou Kapasite Yo nan Florida (Florida Abilities Work Portal)- https://abilitieswork.employflorida.com/vosnet/Default.aspx</p>
<p>20. Sèvis Tranzisyon Anvan-Travay (Pre-ETS) pou Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) disponib pou elèv ki gen andikap yo epi ki gen 14 lane jiska 21 lane. Bagay sa yo se senk (5) domèn Pre-ETS yo:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Konsèy pou Chèche Travay 2. Fòmasyon sou Preparasyon pou Travay 3. Eksperyans Aprantisaj Ki Baze sou Travay (Work-Based Learning Experiences, WBLE) 4. Fòmasyon pou Oto-Defans ak Leson Patikilye ak Kamarad 5. Konsèy sou Edikasyon Apre Lekòl Segondè <p>Feyè Pre-ETS VR la: http://rehabworks.org/_reources/docs/flyers/pre-employment-transition-services.pdf</p> <p>          </p> <p>Mande: <i>Èske elèv la ap jwenn avantaj nenpòt nan sèvis tranzisyon anvan-travay VR ofri pou sipòte reyalizasyon apre lekòl la?</i></p>	<p>Zouti Evalyasyon Tranzisyon Ki Apwopriye pou Laj (Age-Appropriate Transition Assessment Toolkit) (ou dwe kreye yon kont gratis pou ka jwenn aksè)-https://transitionta.org/transition-assessment/</p> <p>Koneksyon: Yon Pwogram Akademik Tranzisyon pou Klas 3yèm Ane – 6yèm Ane https://eric.ed.gov/?id=ED440481</p>

<p>21. Elèv yo patisipe nan eksperyans aprantisaj ki baze sou travay (WBLE); sa ka gen ladan antrepriz nan lekòl la, aprantisaj pratik ak opòtinite volontè nan kominote a, ni nan lekòl la.</p>  <p>Mande: <i>Èske elèv la te patisipe nan yon eksperyans ki gen rapò ak travay? Ki jan li te ye? Èske gen opòtinite pou nouvo WBLE yo oswa pou elaji eksperyans anvan yo?</i></p>	<p>FloridaShines/MyCareerShines https://www.floridashines.org/find-a-career/plan-your-future</p> <p>Resous Konsèy Devlopman pou Mendèv nan Florida (Florida Workforce Development Board Resources) - http://www.floridajobs.org/workforce-board-resources</p> <p>Kontakte distri lekòl lokal ou ak Konsèy Jèn Moun ki nan Komite Investisman nan Mendèv la pou konnen pwochen evènman yo.</p>
<p>22. Elèv yo ak fanmi yo ap patisipe nan fowòm sou resous ki gen enfòmasyon ki gen rapò ak kolèj epi karyè ansanm ak konvèsasyon swivi ki fèt, sitou si elèv yo patisipe poukont yo ak/oswa san paran (yo).</p>  <p>Mande: <i>Ki chwa ki sanble annamoni ak domèn ki enterese elèv la? (Revize dokiman ou rasanble nan fowòm sou resous la.)</i></p>	
<p>23. Elèv yo ak fanmi yo ap chèche konnen chwa lekòl segondè yo, tankou pwogram espesyalize ak akademi nan karyè ki baze dou enterè elèv yo ak chemen karyè yo dezire. Tanpri sonje, lekòl yo pral bay enfòmasyon konsènan opòtinite sa yo nan lekòl segondè a anvan elèv la gen 12 lane oswa pandan li nan klas 7yèm ane. Pa bliye chèche pwogram CTE ak opòtinite pou jwenn sètifikasyon endistri yo pandan w ap toujou ale lekòl (pa egzanzp, Asistan Enfimiyè Sètifye, Soude, Sètifikasyon Pou Moun K ap Prepare Manje, elatriye).</p>  <p>Mande: <i>Ki diferan chwa lekòl segondè ki disponib nan distri ou a? Ki chwa ki pi byen apwopriye pou elèv la?</i></p>	
Edikasyon Apre Lekòl Segondè	
Nòm pou Tranzisyon nan Lekòl Pre-Segondè ak Amòs Diskisyon pou Elèv yo ak Fanmi yo	Resous

24. Elèv yo, fanmi yo ak lòt manm ekip IEP yo planifye pou edikasyon apre lekòl segondè; sa gen ladann, egzaminen pwogram lekòl segondè yo ak kondisyon yo (lekòl yo pral bay enfòmasyon anvan 12 lane oswa anvan klas 7yèm ane). Tanpri sonje, objektif apre lekòl segondè elèv la dwe devlope anvan li gen 14 lane oswa anvan li antre nan lekòl segondè.



1003.5716 F.S.

Mande: *Lè nou konsidere karyè ki enterese elèv la, èske elèv la ap pran kou ki pral prepare li pou edikasyon apre lekòl segondè ki nesèsè pou li ka jwenn travay nan domèn sa a?*

25. Fanmi yo ap ede elèv yo chèche kolèj, inivèsite ak pwogram fòmasyon pwofesyonèl ak teknik yo. Planifye vizit yo kèlkeswa lè li posib la epi sipòte vwayaj edikatif lekòl la òganize yo.



Mande: *Kisa elèv la bezwen pou li ka gen yon eksperyans edikasyon apre lekòl segondè ki reyisi epi kijan yo pral satisfè bezwen sa yo?*

Revize kesyon enstriksyon yo nan "Preparasyon pou Opòtinite Edikasyonèl Apre Lekòl Segondè: Fanmi yo Ede Elèv yo pou yo Reyisi".

http://project10.info/Documents/Final_PSE_Product_for_Posting_5.29.20.pdf

26. Fanmi elèv ki gen andikap entèlektyèl yo, ap ede elèv yo chèche konnen pwogram edikasyon enklizif yo apre lekòl segondè (Inclusive Postsecondary Education Program, IPSE) ki fèt pou reponn ak bezwen elèv yo epi pou bay lòt enstriksyon ak fòmasyon pou prepare elèv yo pou yon karyè.



Mande: *Èske ou konnen opòtinite k ap ogmante detanzantan pou pèmèt elèv ki gen andikap entèlektyèl yo ale nan kolèj? Tcheke paj entènèt Pwojè 10 la konsènan "Edikasyon Enklizif Apre Lekòl*

Planifikasyon pou Apre Lekòl Segondè- Pwojè 10
<http://project10.info/PostsecondaryEducation.php>

Edikasyon Enklizif Apre Lekòl Segondè – Pwojè 10
<http://project10.info/DPage.php?ID=193>

Sant pou Elèv ki Gen Kapasite Espesyal yo nan Florida (Florida Center for Students with Unique Abilities) - <https://fcsua.org/>

Sant Pwofesyonèl ak Teknik nan Florida/Kolèj Pwofesyonèl ak Teknik (Florida Career and Technical Centers/Career and Technical Colleges)
<http://www.fldoe.org/academics/career-adult-edu/dist-ps-instit.stml>

Sistèm Kolèj Florida (The Florida College System), Sèvis Sipò pou Moun Ki Gen Yon Andikap: <http://www.fldoe.org/schools/higher-ed/fl-college-system/academic-student-affairs/disability-support-services.stml>

Think College - <https://thinkcollege.net/>

Yon Kalandriye Aktivite Tranzisyon pou Elèv ki Avèg oswa Ki Gen Pwoblèm Pou Wè <http://www.ntac.blind.msstate.edu/providers/tac/#3>

Prepare w pou Opòtinite Edikatif yo Apre Lekòl Segondè: Fanmi yo Ede Elèv yo pou yo Reyisi (Families Supporting Students for Success)
http://project10.info/Documents/Final_PSE_Product_for_Posting_5.29.20.pdf

Fòmasyon Pwofesyonèl ak Teknik: Amelyorasyon Eksperyans Edikasyon nan Lekòl Pre-Segondè, Lekòl Segondè ak Edikasyon Apre Lekòl Segondè
http://project10.info/Documents/CTE_SSTIC_Product_with_CTE_Option_4.17.2_020.pdf

Sistèm Inivèsite Leta, Elèv Ki Gen Andikap yo
<https://www.flbog.edu/universities/admissions-transfers/students-with-disabilities/>

MyCareerShines
<https://www.floridashines.org/find-a-career/plan-your-future>

Segondè" pou jwenn plis enfòmasyon.
<http://project10.info/DPage.php?ID=193>

MyCareerShines
<https://www.floridashines.org/find-a-career/plan-your-future>

27. Fanmi yo ap chèche konnen planifikasyon finansye pou edikasyon apre lekòl segondè.



Mande: *Ki kalite èd finansye, sibvansyon ak bous detid ki disponib? Toujou sonje MyCareerShines gen resous planifikasyon finansye ki itil anpil, tankou aksè nan plis pase 270 aplikasyon pou bous detid!*

Gade Devan

Aktivite Tranzisyon ak Amòs Diskisyon pou Elèv yo ak Fanmi yo

Resous

28. Diskisyon konsènan ranvwaye lè pou resevwa yon diplòm nòmal dwe kòmanse anvan elèv la gen 14 lane oswa avan li ale nan lekòl segondè. Fanmi yo vin abitye ak kondisyon pou ranvwaye lè pou resevwa yon diplòm nòmal ak pwogram tranzisyon pwolonje yo.



Remak: Lejislasyon ki pèmèt tout elèv yo jwenn opòtinite pou yo travay pou yo ka resevwa yon diplòm nòmal la, pèmèt sèten elèv ki gen andikap ranvwaye lè pou yo resevwa diplòm nan epi pou yo kontinye resevwa sèvis edikasyon nan distri lekòl la. Ranvwa nesèsè paske elèv ki resevwa yon diplòm lekòl segondè nòmal pa kalifye ankò pou yon edikasyon piblik ki apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE). Elèv ki ranvwaye lè pou yo resevwa diplòm nan kapab patisipe nan yon pwogram tranzisyon pwolonje. Planifikasyon pou ranvwa a

Kowòdonatè Rejyonal pou Prim Travay nan SSA pou Nò ak Sid Florida
<http://www.socialsecurity.gov/atlanta/southeast/awic/index.htm>

Liv Wouj La - Yon Gid pou Prim pou Travay
<http://www.socialsecurity.gov/redbook/>

Planifikasyon ak Asistans pou jwenn Prim pou Travay (Work Incentives Planning and Assistance, WIPA) ak Kowòdonatè Prim pou Travay nan Kominote a (Community Work Incentive Coordinators, CWIC)
<http://www.socialsecurity.gov/work/WIPA.html>

Kondisyon pou Diplome nan 6A-1.09963 High School pou Elèv Ki Gen Andikap yo
<https://www.flrules.org/gateway/ruleNo.asp?id=6A-1.09963>

1003.4282(10)(c), F.S. Kondisyon pou yon diplòm nòmal pou lekòl segondè

pral fèt ak ekip IEP elèv la anvan elèv la gradye.
Gade Plan Tranzisyon Lekòl Segondè pou Fanmi yo (paj 8):
[http://project10.info/Documents/Secondary Transition Roadmap_FINAL_1.19.21_1.pdf](http://project10.info/Documents/Secondary_Transition_Roadmap_FINAL_1.19.21_1.pdf)

http://www.leg.state.fl.us/Statutes/index.cfm?App_mode=Display_Statute&URL=1000-1099/1003/Sections/1003.4282.html

Lis Pwogram Tranzisyon Pwolonje yo (Florida)
[http://project10.info/Documents/Extended Transition Florida 18-22_Programs_1.pdf](http://project10.info/Documents/Extended_Transition_Florida_18-22_Programs_1.pdf)

29. Elèv yo ak fanmi yo ap konekte avèk yon Planifikatè Avantaj pou pale sou travay ki peye, ki kapab gen ladan travay endepandan, ak enpak li ka genyen sou avantaj Administrasyon Sekirite Sosyal yo (Social Security Administration, SSA).



Mande: *Èske ou konnen sipò travay ak prim pou travay Sekirite Sosyal la, tankou Eksklizyon Revni Elèv La Touche (Student Earned Income Exclusion, SEIE)? Gen Kowòdonatè Prim pou Travay Kominotè (Community Work Incentive Coordinators, CWIC) nan eta a ki kapab ede ou avèk planifikasyon avantaj yo, epi sèvis yo bay yo gratis!*

Resous selon Kote a

Pou chak distri lekòl ki nan Florida, Pwojè 10 bay enfòmasyon pou kontakte pèsonèl distri a ak yon brèf deskripsyon konsènan resous ki gen rapò ak tranzisyon ki disponib pou elèv ki gen andikap yo. Resous yo tonbe nan kategori ki anba yo: Distri Lekòl Lokal, Travay, Ajans Lokal yo, Kolèj ak Inivèsite yo, epi Elèv yo ak Fanmi yo

Tcheke resous ki disponib nan zòn ou an -

<http://project10.info/ResourcesByLocation.php#NS82>